

# Egzamen Lestonmak ou nan CHA

Dat egzamen an: \_\_\_\_\_

Lè pou w rive: \_\_\_\_\_

## Egzamen an ap fèt nan:

CHA Cambridge Hospital  
1493 Cambridge Street  
Cambridge, MA 02139  
*Anrejistre nan: Admisyon – Sal Dantre a*

CHA Somerville GI Center  
33 Tower Street  
Somerville, MA 02143  
*Anrejistre nan: Anrejistreman Pasyan*

CHA Everett Hospital  
103 Garland Street  
Everett, MA 02149  
*Anrejistre nan: Admisyon – Sal Dantre a*

---

**Si w gen kesyon oswa si w bezwen pale ak yon enfimye/è, tanpri rele depi nan lendi rive nan vandredi 7:30 am – 4 pm, **617-591-4453****

**Pou ranvwaye oswa pou anile randevou w lan, tanpri rele 72 èdtan (3 jou) alavans. **617-591-4422**, lendi – vandredi, 8 am – 4 pm**

---

## Tanpri li tout enstriksyon yo omwen 2 semèn anvan egzamen w lan.

Tanpri rive alè. W ap bezwen anrejistre anvan entèvansyon w lan.

Pa mete ni pote ankenn bijou ni zanno nan entèvansyon w lan, nou p ap responsab ni bagay ki pèdi ni bagay yo vòlè.

## Transpò pou ale nan entèvansyon w lan

Ou dwe fè aranjman pou yon zanmi oswa yon fanmi kondui w lakay ou apre tès ou a. Nou p ap kite w kondui tèt ou al lakay ou. Si w gen pwoblèm transpò, tanpri rele nimewo ki pi wo a poutèt ou gen dwa kalifye pou transpò pou ale ak sòti nan entèvansyon w lan avèk CHA Med Access Van dapre kote w rete a.


## Enfòmasyon enpòtan konsènan lòt medikaman yo

- Si w ap pran medikaman pou fè san w pi likid:** Rele doktè w la oswa Sèvis Jesyon Antikowagilasyon an (Anticoagulation Management Service) pou yo ka di w kisa ou dwe fè. Sa gen ladan I medikaman tankou Coumadin (warfarin), Eliquis (apixaban), Savayasa (edoxaban), Pradaxa (dabigatran), Xarelto (rivaroxaban), Lovenox (enoxaparin), Plavix (clopidogrel), Effient (prasugrel) oswa Brilinta (ticagrelor).
- Si w ap pran medikaman pou Dyabèt:** Tanpri suiv enstriksyon ki vini nan pake sa a.
- Pa pran** ni vitamin, ni anti-asid, ni sipleman, ni pilil fè nan maten tès la.
- Ou kapab pran lòt medikaman w yo avèk yon göje dlo a lè abityèl la. Pote yon lis medikaman w yo avè w. **Si w gen kwakseswa k ap trakase w sou medikaman w yo mande doktè w. Pa tann lavèy tès la.**

## Enfòmasyon sou entèvansyon an

Ou pral fè egzamen lestonmak. L ap kite doktè a wè andedan pati anlè sistèm dijestif ou sa gen ladan gagann ou, lestonmak ou, ak premye pati an nan ti trip ou. Tès la fèt avèk yon andoskòp, yon tib long, fen ki gen yon ti kamera sou pwent li. Gen plizyè rezon pou fè tès la:

- Pou envestige sentòm tankou kè plen, vomisman, malvant, difikilte vale, ak senyman
- Pou dyagnostike pwoblèm ki touche anlè aparèy dijestif la nan gade dirèkteman ak fè prelèvman ti echantyon tisi (biopsi) pou fè tès pou maladi ak pwoblèm medikal
- Pou evalye bagay anòmal yo te wè nan foto
- Pou chèche oswa trete ilsè k ap senyen oswa lòt anomalie (tisi ki gen anflamasyon, ilsè, ak timè anòmal) nan gagann nan, nan lestonmak la, ak nan premye pati ti trip la



Enstiti Nasyonal kont Dyabèt ak Maladi Dijesyon ak Ren, Enstiti Nasyonal pou Lasante

# Tanpri Li Enstriksyon Sa yo

## Egzamen Lestonmak

### **7 JOU ANVAN EGZAMEN AN**

- **PA PRAN:** Medikaman kont anflamasyon ki pa gen estewoyid tankou Ibuprofen, Motrin, Advil, Naproxen, Aleve, Naprosyn, Meloxicam ak anpil lòt toujou
- Ou mèt pran Tylenol (ki se asetaminofèn) pou doulè
- Pafwa, yon moun oblige kontinye pran Aspirin poutèt yon pwoblèm sante. Pale ak doktè w. Pa sispann pran Aspirin toutotan ou pa pale ak doktè w.



### **1 JOU ANVAN EGZAMEN AN**

- Lavèy egzamen an, ou kapab soupe nòmalman.
- **Pa ni manje ni bwè kwakseswa** (apa preparasyon w lan si w ap fè kolonoskopi tou) apre minui lavèy tès la

### **JOU EGZAMEN LESTONMAK LA**

- Nan maten tès la, ou kapab pran lòt medikaman w yo nan menm lè w abitye pran yo a avèk **yon sèl göje dlo**. Sa gen ladan pilil pou tansyon, medikaman kont kriz, medikaman pou kè, medikaman pou tiwoyid, elatriye. **Pa bwè anyen pandan 6 èdtan anvan tès la.**
- **Pa pran** ni vitamin, ni anti-asid, ni sipleman, ni pilil fè nan maten tès la.

# Enstriksyon pou Medikaman Dyabèt

Egzamen Lestonmak

## Si w ap pran medikaman pou Dyabèt Tip 2:

- Nan aswè anvan tès la: Pa pran pilil pou dyabèt. Si w ap pran ensilin pou dyabèt tip 2, pran ½ ensilin a aksyon pwolonje nòmal ou a (paregzanp, si ou nòmalman pran 40 inite Lantus oswa NPH, pran 20 inite pito).
- Nan maten tès la: Pa pran pilil pou dyabèt. Si ou sou ensilin a aksyon pwolonje pou
- dyabèt tip 2, ou kapab pran mwatye dòz la (paregzanp, si ou sou 40 inite Lantus oswa NPH, pran 20 inite pito).
- Si w ap pran ensilin a aksyon rapid tou (Humalog, Admelog, Novolog, oswa ensilin Regular), pa pran li nan maten anvan entèvansyon an.
- Apre tès la: W ap gen dwa manje ankò. Lè sa a, ou dwe rekòmanse pran pilil dyabèt ou yo a lè w abitye pran yo. Pran dòz nòmal ensilin ou nan aswè.

**Nan piki (ki pa ensilin) Pou sa ou pran yon fwa pa semèn yo, (Trulicity, Ozempic, Wegovy, Bydureon, Mounjaro, Rybelsus, Tanzeum, Zepbound), PA PRAN YO NAN 7 JOU ANVAN PWOSEDI A**

## Si w ap pran medikaman pou Dyabèt Tip 1:

- Nan aswè anvan tès la: Annik pran dòz ensilin bazal ou ta nòmalman pran lè sa a (paregzanp, dòz konplè nòmal Lantus oswa NPH ou).
- Nan maten tès la: Pran dòz ensilin bazal abityèl ou t ap nòmalman pran a lè sa a (paregzanp, dòz konplè nòmal Lantus oswa NPH ou). Pa pran ankenn ensilin a aksyon rapid (Humalog, Admelog, Novolog, oswa ensilin Regular).
- Si w ap sèvi avèk yon ponp ensilin epi glikòz ou ajen pi ba pase 130, redui to bazal ou pwovizwaman nan maten anvan entèvansyon an a 75% to nòmal ou. Si glikòz ajen an omwen 130, kontinye to bazal nòmal ou. Kontakte doktè glann andokrin ou si ou gen kesyon sou kijan pou w jere paramèt ponp ou anvan entèvansyon an